yechimlar yordamida sahna hajmini kengaytirish va tomoshabinning emotsional munosabatini shakllantirish strategiyalari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль звукового дизайна в экранных произведениях, функции звукового дизайнера на каждом этапе проекта, в частности, в создании визуального образа, ритма и атмосферы, а также эстетические и технические аспекты звука в кино- и видеоиндустрии. В статье анализируются стратегии изучения звукового дизайна на основе концептуального подхода, расширения масштаба сцены с помощью специальных звуковых эффектов и музыкальных решений, а также формирования эмоционального отношения зрителя.

**SUMMARY.** This article examines the role of sound design in screen productions, the research examines the functions performed by sound designers at each stage of the project, particularly in creating visual appearance, rhythm, and atmosphere, as well as the aesthetic and technical aspects of sound in the film and video industry. The article analyzes strategies for studying sound design based on a conceptual approach, expanding stage scope through special sound effects and musical solutions, and shaping the audience's emotional response.

# «ЖАҢЛА ҚОБЫЗ ӘСИРЛЕР ГҮЎАСЫСАҢ» ҲҮЖЖЕТЛИ ФИЛЬМИ МУЗЫКАСЫ

**Тилепов Қуўатбай** – *ассистент оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяч сўзлар:** фильм сюжети, мусиқий безак, колорит, эпизод, сюжет, линия, овоз, шовқин.

**Ключевые слова:** сюжет фильма, музыкальное оформление, колорит, эпизод, сюжетная линия, звук, шум.

**Key words:** film plot, musical decoration, color, episode, plot line, sound, noise.

Музыка кинода ең тийкарғы элементлердиң биринен болып, ол арқалы фильмлердиң мазмунын ҳәм қаҳарманлар образларын тереңирек ашып бериўге мүмкиншилик жаратылады.

Музыкадан кино өнериниң барлық түрлери ҳәм жанрларында кең пайдаланылады. Ол фильмди жанландырады, керек жеринде сюжетлерди де байланыстырып турады. Кино шығармасының темасы менен идеясын, фильм режиссёры ҳәм киносценаристтиң алға қойған мақсетин және де тереңирек ашып береди. Музыкасы арқалы ҳүжжетли кино яки көркем фильм қайсы халықтың миллий кино өнери екенлигин аңлатып турады. Қарақалпақ миллий киноларының бирден-бир өзгешелиги миллий колориттеги музыкалары менен көзге тасланады. Қарақалпақ ҳүжжетли фильмлерин музыкалар жәрдеминде безеў – бул ҳүжжетли фильмлердиң тәсиршеңлигин асырыў менен фактлердиң исенимлилигин қәлиплестириўде де салмақлы орын ийелейди. Әлбетте дурыс таңланған музыкалар болыўы керек. 2023-жылы «Қарақалпақфильм» киностудиясы тәрепинен сүўретке алынған «Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» еки бөлимли ҳүжжетли фильми мысалында пикиримизди таллаўлар менен даўам еттирсек, фильм басланыўдан миллий ырғақларда жаңлаған нама сести адам кеўилин кеңисликлер таман баслайды.

Кино өнери – бул ўақыт ҳәм кеңисликте туўылады. Усы ҳүжжетли киноның бет ашары есапланған музыка болса өз ишине дәўирлер ағымын да, кеңисликлерди де қамтып алып, тарийх пенен жаңа заманды бирлестирип турады. Бул ҳүжжетли кино ушын дурыс таңланған музыканың күши, соның менен бирге дәслепки сюжетлерди диктор (баслаўшы) сөзи менен байланыстырыўда үлкен әҳмийетке де ийе болып турыпты. Фильмде баслаўшы жанға жағымлы музыкадан соң тамашагөй қәлбине жол алатуғын сөз қатарларынан пайдаланып, ой-пикирин жеткерип береди. Демек, фильмдеги музыка пикирлерди жәмлеўши ўазыйпасында атқарады. Кино сес режиссёрынан сценарий авторы ҳәм фильм режиссёры менен тығыз байланыста жумыс алып барыўы талап етиледи.

«Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» еки бөлимли ҳүжжетли фильминиң режиссёры ҳәм авторы Б.Мадияров, жәрдемши режиссёры Д.Алламуратова. Бул фильм ушын музыкалар арнаўлы жазылмаған, ал түрли жанрдағы музыкаларды фонетикадан алып пайдаланған.

Фильм даўамында қобыз ырғақлары, жыраўлар жырлаған намалар ҳәм заманагөй

эстрада жанры менен үнлесип кеткен музыкалар бериледи.

Фильм эпизодларына бола тәбият, ҳәр қыйлы қубылыс ҳәм ҳәдийселер шаўқым пайда етиўши яғный тәбиятта бар болған ямаса зат ҳәм буйымлардың тәбийий шаўқымынан жасалма түрде пайдаланғанлығын көремиз. Кеңисликтеги гүўлеп ескен самал шуўылдысы, суўлардың ағысы, қуслар сайраўы, жапырақлар сылдырлысы, аттың дүрсили ҳүжжетли фильмде тәбийийликти пайда етип, сол ўақыттағы жағдайды сәўлелендирип берген. Бул ўақыяларды және де реал тәризде жеткерип бериў усылы болып табылады.

Ҳаўазлы кино жаңа күш ҳәм гөззаллыққа ийе [1] деп жазады англиялы киносценарист Р.Макки. Ҳақыйқатында қарақалпақ қобызы тарыйхы ҳаққында сөз етиўши бул ҳүжжетли фильмде тамашагөйди тартып алатуғын күш пенен кеўлин жаўлап алатуғын гоззаллық бар.

«Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» еки бөлимли ҳүжжетли фильминиң мазмуны музыка арқалы салмақлы жуўмағына ийе болған. Жыраўшылық мектебиниң соңғы дәўирдеги жас әўладларынан саналған Саламат Аяповтың атқарған жыраў намаларындағы ырғақлар заманагөйлик пенен үнлесип кетеди. Фильмге таңлап алынған бул музыкалар бир тәрепинен ең жақсы музыкалы дәстүрлерин өзине сиңдирген болса, екинши тәрептен ҳүжжетли фильмди бир пүтинликте раўажланыдырыў ўазыйпасын атқарып тур. Фильмде көринис пенен музыканың байланысы бир линия сюжетинде раўажланып барады. Кино теоретиклериниң пикиринше режиссёр музыкадан дөретиўшилик пенен пайдаланыўды билмесе көринис пенен музыка арасында үзилис пайда болады. Фильмдеги үзилис эпизодлардың избе-из байланысына кери тәсир етеди. Қосықлар анық бир драматургиялық ўазыйпаға ийе болыўы, белгили бир мазмун менен байланысыўы ушын режиссёр сценарий мазмунын музыка арқалыыда жеткерип бериўи керек.

Фильмде музыкалы образлар арқалы сюжетлерди байытады. Таллаўға алған фильмимиз тиккелей жыраўшылық өнериниң әҳмийетине қаратылғанлықтан фильмде ҳәр бир сюжет музыка арқалы байытылғанлығын көремиз. Жыраўшылықта өзиниң мектебин жаратқан Б.Сырымбетов өзиниң шәкиртлери менен тәбият қушағында сейил етип жүриўлери менен қобыз устасы Азаттың қалың тораңғыллықларға тигилген нәзери, олардың ишки толғаныслары бәри-бәри жаңлап турған миллий коллориттеги музыка шығармалары арқалы жеткерип бериледи. Фильм қаҳарманларының арзыў-ойлары менен кеўил сезимлери жоқары пафосларға бай композитор музыкасында жарқын сәўлеленген. Фильм эпизодларындағы түрли ўақыялар, мысалы қорқыт ата ҳаққындағы рәўият тийкарындағы эпизодлар, қобыздың пайда болыўы, оның намалары кеңислик бойлап таралғанда атызларда жәўлан урып атырған мийнет адамларын тамашалап отырып кадр артында жаңлаған музыкалар тамашагөйдиң дыққатын жаўлап алады. Бул ырғақлар экранда болып атырған ўақыялардағы романтика ҳәм қаҳарманларымыз ишки дүньясын ашып бериўде, қаҳарманлар характерин жаратыўда, ис-ҳәрекетлерди улыўмаластырыўда күшли эмоционал қурал болып хызмет еткен.

Фильмде музыка ҳәм даўыс эффектлери тәсиршеңлик дәрежесин жүдә арттырып береди. Бул ҳаўазсыз фильмлер жаратылған сол 30-жыллардағы фильмлерди ҳаўазлы фильмлер менен салыстырыўдан соңғы билдирилген пикирлер еди. «Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» ҳүжжетли фильмин диктор текстисиз музыкалар арқалы берилген жағдайда фильм өз мақсетине жетпей қалыўы мүмкин еди. Бул фильмде музыкалар менен бирге даўыс эффектлери де теңдей орынлы пайдаланылған. Диктор тексти арқалы көбирек мағлыўматлар берилген. Базыда бир эпизоддан екинши эпизодқа өтиўде байланыс хызметин музыка менен теңдей атқара алғанлығын көриўимизге болады.

Жуўмақта соны айтып өтиўимиз орынлы фильмде дурыс таңланған музыканың күши арқалы тарийх пенен заманагөйликти уйғынластырады. Екинши тәрепинен фильмниң тәсиршеңлигин арттырып тур. Миллий колоритте жаңлаған нама ырғақлары тап усы фильм ушын арнап жазылған сыяқлы түйиледи.

Фильм сюжетлерин избе-из басқышта раўажландырыўға ҳәм байланыстырыўда жүдә үлкен үлес қосқан қарақалпақ миллий намалар (фильм ушын пайдаланылған музыка) ын бул фильмниң сыртқы липасы деп те атаўымыз мүмкин. Өйткени фильм қарақалпақ ҳүжжетли киносында миллий фильмлер қатарын байытыўда салмақлы орын ийелеген фильмлердиң биринен есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Макки Р. История на миллион долларов: Мастер-класс для сценаристов, писателей и не только / Роберт Макки ; Пер. с англ. — М.: Альпина нон-фикшн, 2008. 456 с.
2. Тилепов Қуатбай Нукусбаевич. Кино-тарбия воситаси. Innovative Development in Educational Activities 2.5 (2023): 314-317.
3. Тилепов Қуатбай Нукусбаевич (2023). Main factors of the history and development of karakalpakfilm film studio. World Bulletin of Social Sciences, *27*, 169-171.
4. Tilepov Quatbay Nukusbayevich. “Qoraqalpoqfilm” davlat unitar karxonasining ta’rixi va rivojlanish yo‘llari inter education & global study. Ilmiy-nazariy va metodik jurnal 613-620.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада «Қорақалпоқфилм» киностудияси томонидан 2023 йили суратга олинган «Жаңла қобыз әсирлер гүўасысаң» икки қисмли ҳужжатли фильмида тасвир билан мусиқа ўртасидаги боғлиқликлар, мусиқа ва овоз элементларидан фойдаланиш маҳоратлари ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о связях между сценой и музыкой, а также о мастерстве использования музыкальных и звуковых элементов в двухсерийном документальном фильме «Звук кобыза - свидетель веков», снятом киностудией «Каракалпакфильм» в 2023 году.

**SUMMARY.** The article discusses the connections between the stage and music, as well as the mastery of using musical and sound elements in the two-part documentary film «The Sound of the Kobyz - Witness of Centuries», filmed by «Karakalpakfilm» studio in 2023.


***BIBLIOGRAFIYA HÁM MÁDENIYAT***

# SHAHAR MADANIYATI VA MUHITINI TA’MINLASHDA YASHIL HUDUDLARNING AHAMIYATI


**Xafiza Abdullayeva Olimho‘jaevna** – *dotsent v.v.b.*
*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti*



**Tayanch so‘zlar:** yashil hududlar, shahar madaniyati, ekologik barqarorlik, psixologik sog‘lomlik, innovatsion shaharsozlik.

**Ключевые слова:** зеленые зоны, городская культура, экологическая устойчивость, психологическое здоровье, инновационное градостроительство.

**Key words:** green spaces, urban culture, ecological sustainability, psychological well-being, innovative urban planning.


## KIRISH

XXI asrda urbanizatsiya jarayonlari tezlashib, aholi zich yashaydigan hududlarning soni oshib bormoqda. Ushbu jarayonlar natijasida shahar infratuzilmasining samarali rivojlanishi bilan bir qatorda ekologik va ijtimoiy muammolar ham kuchaymoqda. Ayniqsa, tabiat resurslaridan oydalanishning ko‘payishi shahar ekologik barqarorligiga ta’sir ko‘rsatmoqda.

Yashil hududlar shahar madaniyatining ajralmas qismi sifatida ekologik muvozanatni saqlashda, insonlarning ruhiy va jismoniy salomatligini yaxshilashda muhim rol o‘ynaydi. Shu bilan birga, yashil hududlar shahar aholisining ijtimoiy faolligini oshiradi va ularga dam olish imkoniyatini beradi. Ko‘plab tadqiqotlar shuni ko‘rsatadiki, yashil hududlarning mavjudligi nafaqat shahar ekologik holatini yaxshilash, balki aholi salomatligiga ham ijobiy ta’sir ko‘rsatadi.

Ushbu maqola shahar madaniyatida yashil hududlarning ahamiyatini tahlil qilishga bag‘ishlangan bo‘lib, unda quyidagi masalalar ko‘rib chiqiladi:

1. Yashil hududlarning ekologik, ijtimoiy va psixologik ahamiyati.
2. Shahar infratuzilmasida yashil hududlarning o‘rni.
3. Urbanizatsiya sharoitida yashil hududlarni kengaytirish strategiyalari.

Mazkur masalalar bo‘yicha ilmiy adabiyotlar tahlili, amaliy tajribalar va zamonaviy shaharsozlik yondashuvlari asosida xulosalar chiqariladi.

## ADABIYOTLAR TAHLILI

Shahar ekologiyasi va yashil hududlarning ahamiyati sohasida ko‘plab ilmiy ishlar va tadqiqotlar olib borilgan. Xususan, ekologiya va shaharsozlik bo‘yicha yetakchi olimlar yashil hududlarning inson salomatligiga, ijtimoiy farovonlikka va ekologik barqarorlikka ta’sirini